



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 7/19/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ 15 MILYON DOLA POU REPAIRE PON 188th STREET LA KI SOU GRAND CENTRAL PARKWAY NAN QUEENS

Amelyorasyon yo ap gen ladan yo yon nouvo platfòm pon an, balistrad, twotwa, ak reparasyon nan estrikti asye pon an

Metòd konstriksyon akselere yo ap redui dire pwojè a de kat mwan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a travay pou kòmanse ak pwojè 15 milyon dola pou repare Pon 188th Street ki sou Grand Central Parkway nan Queens lan deja sou pye. An akòdans ak Inisyativ Drivers First Gouvènè a ki gen objektif pou redui enpak konstriksyon genyen sou vwayajè piblik yo, yo pral retire epi ranplase platfòm pon an nan lespas 10 jou, ki pral redui dire pwojè a de kat mwa.

Gouvènè Cuomo te di: “Pwojè sa a pral ede nou asire ke wout anlè a rete an sekirite epi fyab pou demilye otomobilis ki pral kondi sou li pandan ane k ap vini an yo.” “Pwogram konstriksyon akselere a pral redui enkonvenyans alontèm epi l ap bay otomobilis yo priyorite (Drivers First).”

Yon aspè ki enpòtan nan pwojè sa a se pou nou kapab redui enpak konstriksyon, ki gen ladan l tou, kloti vwa trafik yo pou anpil tan, ap genyen sou kominote a. Panno platfòm pon an yo ap fabrike alavans an beton, yo fabrike yo nan yon lòt sit ki rele Fort Miller Co., ki sitye nan Schuylerville, nan Saratoga County, aprè yo pral transpòte yo sou sit konstriksyon an pou yo enstale yo. Metòd sa a pral akselere anpil, tan li t ap pran nòmalman pou yo melanje, koule epi seche beton an sou chantye a. Kòm pano yo ap fabrike andeyò sit konstriksyon an, nan yon anviwonman ki kontwole, beton an ap ka seche san ekspozisyon a tanperati varyab ak vibrasyon sikilasyon adjasan, pou bay yon pwodui siperyè epi ogmante lonjevite platfòm pon an. Anplis, mwens aktivite sou sit la pral redui bwi anjeneral ak sikilasyon konstriksyon nan ak ozalantou zòn pwojè a.

Pon an gen de vwa trafik epi yon twotwa lajè dis pous chak bò nan chak direksyon. Pwojè reparasyon an gen ladan konstriksyon yon nouvo platfòm pou pon an, balistrad ki pi ba ak twotwa. Yo pral repare epi pentire estrikti asye pon an. Yo pral ranplase de konduit dlo prensipal. Ekleraj pral pi klè avèk nouvo poto limyè LED yo pral enstale anlè tankou anba pon an. Pri pou mentni alontèm pral redui epi pon an pral dire pi lontan, lè nou redui valè pwen asanblaj ki nan platfòm pon an yo.

Delege Depatman Transpòtasyon Eta New York la, Matthew J. Driscoll te deklare:

“Nou ap egzekite pwojè sa a avèk atansyon nou fikse sou efikasite, epi konfòm a

Inisyativ Drivers First Gouvènè Cuomo a. Yon enfrastrikti transpò solid sipòte yon ekonomi vibran epi aktif, e nou dwe kòmanse planifye pou lavni depi kounye a lè nou modènize epi amelyore pon ansyen sa a.”

Senatè Eta, Tony Avella te di: “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpòtasyon Eta New York la pou rekonstriksyon yo ap fè nan Pon 188th Street la nan Queens. Pwogram konstriksyon akselere a pral asire ke otomobilis yo gen aksè a yon wout ki amelyore pi rapid. Apwòch sa montre kijan gouvènman reponn nan yon fason ki toujou pèmèt Nouyòkè yo kontinye avanse.”

Manm Asanble David I. Weprin te di: “Reparasyon akselere 10 jou nan Pon 188th Street ki sou Grand Central Parkway a pral amelyore rezo routye nou yo avèk rapidite ak efikasite, pandan y ap kenbe lavi pyeton yo an sekirite, lwen danje ki konn rive pandan peryòd konstriksyon ki dire lontan yo. Mwen aplodi Gouvènè Andrew Cuomo ak Depatman Transpòtasyon Eta New York la paske yo fè bon jan investisman sa nan enfrastrikti nou nan Queens.”

Prezidan Queens Borough Melinda Katz te di: “Delè akselere pou reparasyon Pon 188th Street la pral redui grandman entèripsyon nan kominote ozalantou yo. Panno platfòm pon yo k ap fabrike alavans yo ak lòt eleman pou estrateji konstriksyon pon akselere ki menm jan yo fikse ba efikasite a pou lòt pwojè Eta New York alavni yo. Otomobilis ki itilize Grand Central Parkway ka espere yon eksperyans routye ki pi an sekirete, ki mye gras a pwojè sa a ak anpil lòt pwojè ankò ki nan plan agresif Gouvènè Cuomo a ki bay enfrastrikti priyorite.”

Manm Konsil New York City Barry Grodenchik te di: “Reparasyon Pon 188th Street la se yon etap enpòtan ki esansyèl nan amelyorasyon sekirite ak mouvman pasaje k ap vwayaje atravè eta New York la yo. Inisyativ Drivers First Gouvènè Cuomo a ap fikse estanda pou tout pwojè konstriksyon k ap fèt alavni lè li redui entèripsyon grandman ke Otomobilis yo lakoz lè gen pwojè konstriksyon. Nou rekonesan pou inovasyon ak kreyativite teknolojik ke inisyativ sa a ap pwomouvwa epi mwen trè kontan pou m wè yon pon ki byen repara, ki byen renove.”

Manm Konsil New York City Rory Lancman te di: “Reparasyon enfrastrikti yo espesyalman enpòtan pou devlopman ekonomi ak kiltirèl tout gran vil, epi Vil New York pa yon eksepsyon. Menm jan tou, li enpòtan pou redui enpak konstriksyon gen sou vwayajè piblik yo pou asire ke sikilasyon mache san entèripsyon, pou pèmèt Nouyòkè yo ale kote yo bezwen byen rapid. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou apwòch inovatif sa, epi mwen ap tann rezilta reparasyon Pon 188th Street la ak anpil enpasyans.”

Inisyativ Drivers First la priyore konvenyans otomobilis yo pou redui blokis sikilasyon ak reta vwayaj akòz travay pon ak wout yo. Yo ap redui pon an a yon sèl vwa trafik nan chak direksyon pandan 10 jou peryòd ranplasman platfòm pon an, ki pral kòmanse apati de vandredi 22 jiyè a 9 è nan aswè pou rive lendi 1e out a 5 è nan maten. Rediksyon vwa trafik la pral kontinye sou 188th Street sou Grand Central Parway a, depi wout sèvis direksyon lès rive nan wout sèvis direksyon wès la.

Aprè ranplasman platfòm lan, twotwa nan pati sid la pral klotire pandan apeprè twa mwa pou yo ka ranplase konduit dlo prensipal yo. Yo espere fini ak tout pwojè a apati sezon otòn k ap vini an.

El Sol Contracting ak Construction of Maspeth, Queens se kontraktè konstriksyon pou pwojè sa a.

Jwenn Depatman Transpòtasyon Eta New York la sou Facebook nan www.facebook.com/NYS DOT epi swiv nou nan @NYS DOT sou twitter.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418